

Egzèsis Kontinyite Biznis

APÈSI

Dokiman sa a bay yon kad pou teste Plan Kontinyite Biznis ak Plan Restorasyon Biznis. Egzèsis sa yo va ede ou idantifye twou vid ki genyen nan plan pa ou yo; sa va ede evalye si biznis ou an ka kenbe fonksyon esansyèl biznis pandan yon ijans oswa yon entèripsyon.

Egzèsis la fèt pou evalye estrateji kontinite, ak estrateji restorasyon pou ou yo. Pou sa, n va itilize kat senaryo anba a:

- **Refi sèvis paske t yon materyèl ki an pàn:** – Blakawout
- **Refi sèvis paske yon sistèm ki an pàn:** – Atak enfòmatrik
- **Refi sèvis paske pa gen ase mènaj:** – Entèripsyon grav nan transpò piblik
- **Refi aksè ak yon etablisman** – Inondasyon

OBJEKTIF EGZÈSIS

Sèvi ak senaryo nou bay yo pou teste efikasite Plan Kontinyite Biznis la ak Plan Restorasyon Biznis la. Pou sa w ap:

- Evalye kapasite pou kenbe operasyon yo pandan yon entèripsyon, itilize estrateji kontinite.
- Evalye kapasite pou restore operasyon yo pou yo ka tounen nan fonksyon nòmal yo, itilize estrateji restorasyon.
- Evalye efikasite pou pran dezisyon ak delege otorite.
- Evalye pwosesis komunikasyon ak kapasite pou kòdone ak anplwaye, kliyan ak patnè ekstèn pandan yon entèripsyon epi aprè yon entèripsyon.
- Idantifye twou vid nan resous.

EGZÈSIS SOU ENPLEMANTASYON AK KONSÈY

FÈ EGZÈSIS LA

- **Egzekite Plan:** Anvan w kòmanse egzèsis la, asire w ou fin egzekite plan yo ak plis egzaktitid posib. Dokiman sa yo ap bay konsèy pou reponn kesyon sou

diskisyon epi ede mete aksan sou tout twou vid oswa domèn pou amelyorasyon.

- **Fikse objektif:** Revize objektif egzèsis la pou konprann ki aspè y ap teste nan plan w yo.
- **Anviwònman san fòt:** Yo fè egzèsis sa a pou montre twou vid ak domèn pou amelyorasyon nan yon anviwònman konstriktif epi san fòt. Li konplètman nòmal pou prevwa defi ki kapab vini. Sa a se yon opòtinite pou idantifye epi abòde yo anvan yon entèripsyon tive pou tout bon.
- **Angaje w nan yon dyalòg ouvè:** Eseye mete anplwaye ki soti nan chak domèn nan biznis ou an, pa egzanp, finans ak administrasyon, operasyon, vant, elatriye. Li chak senaryo ak atansyon epi fè previzyon sou kijan li ka gen enpak sou biznis ou an. Fè kòmsi se te yon sitiyasyon ki te rive vre epi diskite sou chak kesyon an detay, chita sou kijan li konekte ak operasyon espesifik ou yo.

FÈ AMELYORASYON

- **Dokimante rezilta w yo:** Aprè w fin fè egzèsis la, diskite sou sa epi ekri tou vid ou wè nan plan an nan rapò w ap ekri aprè egzèsis la. Ekri domèn ki bezwen amelyorasyon yo nan plan egzèsis amelyorasyon an k ap montre aksyon ak responsablite pou pote amelyorasyon nan pwosesis biznis la epi pou aktyalize plan aksyon ijans ak plan kontinyite biznis la.
- **Aktyalize plan w yo:** Aktyalize plan w yo ak enfòmasyon ou te aprann yo ak domèn ou ta renmen amelyore yo.
- **Fè fòmasyon pou estaf:** Pataje rezilta egzèsis yo ak estaf ou a, asire w yo gen yon kopi plan aksyon ijans ak plan kontinyite biznis la ki aktyalize.

EGZÈSIS KESYON DISKISYON AK SENARYO

Sa ki anba a se yon sistèm egzèsis modilè sou tab pou ede w teste plan w yo epi idantifye twou vid. Itilize kesyon diskisyon anba yo pou nenpòt nan pwochen senaryo yo.

KESYON DISKISYON

KESYON MODIL 1

1. PLAN KONTINYITE BIZNIS

a. Fonksyon esansyèl biznis

- i. Ki fonksyon esansyèl biznis sitiyasyon sa a entèwonp?

- ii. Ki fonksyon esansyèl biznis ou te idantifye ki gen yon priorite kritik epi ki wo?

b. Estrateji kontinyite

- i. Estrateji kontinyite: Ki aksyon ou menm ak estaf la ap pran pou kenbe fonksyon esansyèl biznis kritik epi ki wo, sitiyasyon sa a entèwonp yo?
- ii. Entèdepandans: Èske gen nenpòt lòt antite ki bay resous oswa antre pou fonksyon sa yo?
- iii. Rezilta: Kiyès k ap itilize rezilta fonksyon sa yo?
- iv. Obligasyon: Èske gen moun ou oblije notifye pou di fonksyon esansyèl biznis sa yo gen entèripsyon?

c. Sistèm kominikasyon

- i. Èske w bezwen voye yon mesaj kominikasyon kriz? Si se sa, bay kiyès?
- ii. Ki sistèm prensipal ou pou kominike an entèn? E sou dosye sovgad?
- iii. Ki sistèm prensipal ou pou kominike an ekstèn ak kliyan, vandè, founisè ak regilatè? E sou dosye sovgad?

KESYON MODIL 2

d. Estrateji restorasyon

- i. Montre estrateji restorasyon ou bezwen pou restore fonksyon esansyèl biznis epi re-kòmanse operasyon nòmal.
- ii. Ki enpak entèripsyon sa a te genyen sou finans epi kijan pou abòde yo? Konsidere resous disponib pou restorasyon, kouvèti asirans ak lòt opsyon sou asistans finans.

SENARYO

N ap divize chak senaryo an de modil, chak senaryo yo ap teste seksyon nan plan aksyon ijans lan oswa plan kontinyite biznis epi koresponn ak kesyon diskisyon anlè a.

SENARYO 1: BLAKAWOUT - MATERYÈL AN PÀN

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan Kontinyite Biznis

Jedi, 7:00 am

- Yon gwo tanpèt lakòz yon blakawout ki afekte tout ri kote w ye a.
- Konpayi kouran an notifye w ou p ap gen kouran pou 48+ èdtan pandan y ap travay pou ranje pwoblèm nan.
- Blakawout la lakòz enpak sou biznis ou an, pa egzanp:
 - Pa kapab itilize sistèm òdinatè.
 - Lakòz pàn inite refrijerasyon ak frizè, ki ka mete estòk pwodui ki ka gate yo anba ris.
 - koneksyon an lan, kòm blakawout la te lakòz yon fay nan rezo a, k ap afekte komunikasyon an entèn.
 - Vandè yo pa kapab fè livrezon poutèt liy elektrik yo tonbe nan lari a.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon pi wo a:

- Plan Kontinyite Biznis

Dimanch, 7:00 a.m

- Tanpèt la pase epi yo re-bay kouran an.
- Rezo w la tounen epi l ap mache.
- Vandè yo re-kòmanse ap fè livrezon.

SENARYO 2: ATAK ENFÒMATIK - PA KA BAY SÈVIS

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan Kontinite Biznis

Madi, 3:00 p.m

- Biznis ou a ap rankontre yon atak pou refi sèvis distribye (Distributed Denial of Service, DDoS), ki fè entèripsyon nan sitwèb ou a, sistèm kòmand anliy ak pwosesis pèman an. Biznis ou an pa ka trete tranzaksyon anliy oswa fizik .

- Ekip enfòmatrik la idantifye atak la ap debòde rezo w la, ki fè l difisil pou kliyan yo fini ak acha yo.
- Anplwaye yo rapòte sistèm entèn, ki gen ladann imèl ak aksè a distans ap fè monte desann..
- Yo te kontakte otorite lalwa yo ak fim sekirite enfòmatrik men yo panse sa ap pran pou pi piti 24-48 èdtan avan tout sitiyasyon retounen nòmal.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon pi wo a:

- Plan Kontinite Biznis

Mèkredi, 7:00 p.m

- Atak la fini epi yo fini ak solisyon an.

SENARYO 3: ENTÈRIPSYON GRAV SOU TRANSPÒ PIBLIK - MANKE TRAVAYÈ

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan Kontinite Biznis

Lendi, 7:00 a.m

- Yon tanpèt ivènal lakòz sispansyon sèvis transpò piblik ak kondisyon wout danjere, sa anpeche anplwaye yo deplase al travay.
- Biznis ou a oblije fonksyone ak yon sèl manm estaf pandan l ap fè fas ak gwo demann kliyan.
- Livrezon vandè yo an reta tou.
- Yo prevwa tanpèt la ka dire pou pi piti 48 èdtan.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan Kontinyite Biznis

Mèkredi, 12:00 p.m

- Tanpèt ivènal la pase, yo rekòmanse sèvis transpò piblik epi kondisyon wout yo pa danjere ankò.
- Vandè yo re-kòmanse ap fè livrezon.

SENARYO 4: INONDASYON - REFI AKSÈ AK YON ETABLISMAN

Modil 1

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon ki anwo a:

- Plan Kontinite Biznis

Lendi, 9:00 a.m.

- Yon tanpèt frappe Boston, sa fè sistèm drenaj yo debòde epi lakòz inondasyon rapid nan etablisman ou a.
- Depo a ak zòn prensipal biznis la anba de inches dlo inondasyon.
- Sistèm elektrik la ka gen pwoblèm, sa ki kreye yon anviwònman danjere ki fè li pa an sekirite pou antre oswa rete anndan batiman an.
- Yo prevwa tanpèt la ka dire ant 12 a 24 èdtan.

Modil 2

Modil sa a konekte ak seksyon sa yo nan plan an epi ak kesyon diskisyon pi wo a:

- Plan Kontinyite Biznis

Mèkredi, 7:00 a.m.

- Dlo inondasyon yo fin bese, men zòn prensipal biznis ou ak depo a toujou mouye epi kontamine. Debri, materyèl chimik toksik ak dlo tou egou potansyèl ka lakòz ris grav sou sante ak sekirite.
- Sistèm elektrik la p ap byen fonksyone epi ap mande reparasyon pwofesyonèl anvan yo ka rekòmanse mache.

RAPÒ APRÈ AKSYON

Itilize tablo anba a pou evalye konpetans ou pou atenn objektif egzèsis yo idantifye yo. Pou nenpòt domèn kote gen defi ki parèt, mete rezilta sa yo nan plan amelyorasyon w nan kòm “Domèn pou Amelyore” pou ranfòse estrateji kontinite yo ak efò restorasyon. Jan nou mansyone sa anwo a, sa se yon anviwònman san fòt. Yo

prevwa pou gen defi epi defi yo sèvi kòm opòtinite pou idantifye twou vid, abòde feblès epi ranfòse plan w lan.

Tcheke bwat ki mache pi byen ak konpetans ou pou atenn objektif ki koresponn nan.

Objektif	Egzekite san defi	Egzekite ak defi
1. Evalye kapasite pou kenbe operasyon pandan yon entèripsyon, itilize estrateji kontinuite.		
2. Evalye kapasite pou restore operasyon yo pou yo tounen nan fonksyon nòmal yo, itilize estrateji restorasyon.		
3. Evalye efikasite pran dezisyon ak delege otorite.		
4. Evalye pwosesis kominikasyon ak kapasite pou kowòdone ak anplwaye, kliyan ak patnè ekstèn.		
5. Idantifye tou vid nan resous yo.		

PLAN AMELYORASYON

Itilize tablo anlè a pou idantifye domèn amelyorasyon lè gen defi. Chwazi yon manm estaf ou pou abòde chak domèn epi aktyalize plan aksyon ijans oswa plan kontinuite biznis la an akò ak amelyorasyon ki nesèsè yo.

Domèn amelyorasyon (Objektif Egzèsis)	Kijan w ka amelyore domèn sa a?	Manm estaf ki responsab

--	--	--